



Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO APWOUVE KLASIFIKASYON TÈREN ETA ISTORIK YO POU PAK ADIRONDACK

Aksyon an Ap Pwoteje A Jamè 8,313 Ekta Tèren Jizman Boreas Ponds

Pi Gwo Ajou nan 'Forest Preserve' nan Istwa Pak lan

*Pati Ki Konsène nan Pak yo ak Apwobasyon Herald Gouvènman Lokal yo antan
yon Akonplisman Yon Fwa nan Jenerasyon Ki Balanse epi Inifikatè*

*Eta a Pral Devlope Amandman pou Plan Jesyon Inite High Peaks Wilderness ak
Forè Sovaj Montay Vanderwhacker yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te apwouve jodi a klasifikasyon Tèren Eta ki rekòmande pa Adirondack Park Agency pou Tèren Eta yo ki anndan Pak Adirondack lan. Yo te apwouve klasifikasyon pou tèren ki nan tout douz konte Pak Adirondack yo ki enkli jizman final nan kontra tèren Finch Pruyn & Company istorik lan - jizman Boreas Ponds lan ki mezire 8,313 ekta. Aksyon Boreas Ponds lan konplete kontra tèren san presedan, sou divès ane nan Eta a ak The Nature Conservancy. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, yo te achte 26,305 ekta tèren forè ki globalman konsiderab pou enklizyon nan Adirondack Forest Preserve. Sa make pi gwo ajou Forest Preserve nan istwa Pak Adirondack lan.

“Pak Adirondack la se yon trezò nasyonal, epi acha jizman Boreas Ponds lan se yon ekspansyon revolisyone pou konsève bote natirèl rejyon an, epi kreye nouvel opòtinite ekonomik pou kominote yo ki nan Pak lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan nontout moun New York, mwen fyè pou mwen apwouve pake klasifikasyon ki ap etabli bon jan balans ant prezèvasyon ak aksè, epi mwen ankouraje vizitè yo ki soti toupatou nan mond lan pou vin eksplòre epi pwofite de Pak Adirondack lan.”

Prezidan Adirondack Park Agency an Sherman Craig te deklare, “Klasifikasyon Boreas Ponds lan se yon opòtinite jenerasyonèl pou amonize solitud rejyon sovaj yo, amizman nan zòn andeyò yo ak aksè piblik ki apwopriye nan yon lokal ki bèl yon fason eksepsyonèl. Aksyon nou an te priyòriz pwoteksyon resous natirèl epi asire ke moun ki gen tout aptitud ak enterè yo kapab eksperimente sans mèvèy ak dekouvèt ki se karakteristik ki defini Pak Adirondack lan. Nou ap voye yon fason respektive pi gwo apresyasyon nou pou Gouvènè Cuomo poutèt efò li yo pou garanti acha istorik

sa. Tranzaksyon Finch lan, nan antyète li, refilete yon ekilib ki gen prekosyon epi ki panse pou divès vizyon ki diferan”.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral a, Basil Seggos (Department of Environmental Conservation, DEC), te deklare, “DEC fyè pou li finalize ajou etonan sa de yonn nan peyizaj tèren ki pi ikonik nan New York nan Adirondack Forest Preserve lan. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip pèmanan li nan jere resous natirèl nou yo epi mwen espere travay ansanm ak kominote avwazinant yo ak lòt patnè yo, pou kapab ak prekosyon epi yon fason responsab pwoteje abita vital sa epi asire ke tout vizitè yo kapab pwofite de vizyèl etonan li yo ak opòtinite rekreyatif eksepsyonèl yo”.

Direktris Egzekitif Adirondack Park Agency an Terry Martino te deklare, “Apwobasyon Gouvènè Andrew Cuomo, pou pake klasifikasyon Tèren Eta Pak Adirondack sa, li reprezante pwoteksyon konsiderab pou resous natirèl ki enpòtan anpil yo pandan ke l’ap balanse opòtinite pou rekreyasyon ekstèn ki nan Pak Adirondack lan. Sa se reyèlman yon akonplisman monimantal epi li se yon testaman de angajman Gouvènè an nan Pak Adirondack lan”.

Pasèl Boreas Ponds lan ki sitiye nan Komin Newcomb ak North Hudson nan Konte Essex. Pyès santral jizman an se Boreas Ponds lan. Lòt karaktè natirèl eksepsyonèl yo gen ladan yo sèt kouch dlo ki entak, 43 kilomèt rivyè ki klè ak pi gwo tèren toubiyè ki gen wo elevasyon nan Eta a - 486 ekta Marekaj Marcy an. Genyen twa somè ke yo nonmen ki depase plis pase 2,000 pye: Montay Boreas (3,776 pye), Montay Moose (2,700 pye), ak Montay Ragged (2,677 pye). Jizman an gen ladan yon pakèt divèsite abita ki nan elevasyon ki ba ak wo yo, ki ap sipòte yon seri plant ak zannimo ki eksepsyonèl, ki gen ladan abita boreyal yo ki enpòtan anpil pou divès espès zwazo rejyon nò yo ki nan pwolonjman rejyon sid kote yo ka rive.

Atravè aksyon Gouvènè an, yo te etabli 4,618 ekta Rejyon Sovaj, 3,690 ekta Forè Sovaj, 4 ekta Primitif ak 0.8 ekta tèren Administratif Eta yo nan Jizman Boreas Ponds lan.

Tèren rejyon sovaj ki fèk fin klasifye yo fè pati kounye a de Zòn High Peaks Wilderness lan, ki bò kote jizman Boreas Ponds lan nan zòn nò a. Sa ap kreye yon zòn rejyon sovaj ki adjasan ki nan kè Pak Adirondack lan ki ap rivalize nan gwosè ak pak nasyonal yo tankou Pak Nasyonal Montay Rocky an, Pak Nasyonal Mount Rainier ak Pak Nasyonal Zion. Popilasyon an ap jwenn yon nouvel eksperyans nan kayak izole ak yon nouvo pwen aksè nan rejyon sid ki nan Zòn High Peaks Wilderness lan. Sa pral ranfòse bote Pak lan atravè peyi Etazini, menm jan ak sou plan entènasyonal.

Zòn Forè Sovaj 3,690 ekta a gen ladan tèren 500 pye nan nò Wout Gulf Brook ak Boreas Ponds, wout yo menm, ak tèren nan sid wout yo. Zòn sa pwolonje nan lès Elk Lake Road, ki anglobe Gulf Brook, Montay Ragged, Rivyè Branch lan ak yon bèl seksyon nan Rivyè Boreas lan. Tèren sa yo fè pati kounye a de Forè Sovaj Montay Vanderwhacker an. Atravè pwosesis Plan Jesyon Inite nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral lan yo kapab kreye nouvel opòtinite rekreyatif tankou kanpman sou tout Gulf Brook Road, lachas, lapèch ak nouvo vwayaj sou bisiklèt nan montay yo, santye pou eski ak motonèj yo sou tèren Forè Sovaj yo.

Zòn Primitif lan ak Koridò Forè Sovaj lan pral pèmèt Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral lan rive atenn epi mentni baraj lan nan fen rejyon sid Boreas Ponds lan.

Boreas Ponds lan se pi gwo nan 25 pasèl ke The Nature Conservancy an te jere nan Eta New York ant 2012 ak 2016 kòm yon pati nan pwojè konsèvasyon a gran eskal lan. Pwojè total 65,154 ekta a, ke yo te antreprann ak konsiltasyon entansif ak kominote lokal ak pati ki konsène yo, pwoteje plis pase 668 kilomèt rivyè ak ravin, 300 lak ak eta, 90 montay, ak 6,070 ekta tèren ki imid, ki gen ladan yo sa nou pral site la yo:

- 38,445 ekta tèren forè pou travay ki te pwoteje atravè fasilite konsèvasyon ki pèmèt rekòt bwa konstwiksyon ki dirab, kontra club lachas prive ak divètisman piblik ki limite, ki gen ladan plizyè ventèn kilomèt santye pou motonèj yo;
- Yo te ajoute 26,305 ekta nan Adirondack Forest Preserve (pwoteje kòm Sovaj A Jamè dapre Konstitisyon Eta a), ki gen ladan mèvèy tankou OK Slip Falls, Blue Ledges, Essex Chain of Lakes, ak, bijou kouwòn nan, Boreas Ponds;
- 405 ekta ki devwe pou pwojè ranfòsman kominotè yo nan kominote lokal yo.

Ak jijzman Boreas Ponds lan, nan aksyon jodi a Gouvènè an te apwouve 100 klasifikasyon tèren Eta yo ki ap totalize plis pase 20,234 ekta depi an 2011. Sa te abouti a etablisman 10,595 ekta Rejyon Sovaj, 10,804 ekta Forè Sovaj, 13 ekta tèren Primitif, 45 ekta tèren Administratif Eta yo, 30 ekta tèren a Izaj Entansif ak 0.9 ekta tèren Istorik.

Gwo Pwen sou Lòt Aksyon Klasifikasyon Tèren Eta Ki Apwouve yo

Jizman MacIntyre West ki sitiye nan Komin Newcomb, Konte Essex. Zòn total ki enplike yo se 2,982 ekta. Jizman MacIntyre West lan li bò kote Zòn High Peaks Wilderness lan. Yo te klasifye li kòm Rejyon Sovaj (2,981 ekta) epi yo te ajoute li nan Zòn High Peaks Wilderness lan. Yon dwa pasaj te katografye kòm Boulder Alley Road vire nan pòsyon rejyon sid Jizman MacIntyre West lan, epi yo te klasifye li kòm Primitif (1 ekta) epi ajoute sou yon nouvel zòn ke yo te rele li Zòn Primitif MacIntyre an.

Jizman MacIntyre East ki sitiye nan Komin Newcomb ak North Hudson, Konte Essex. Zòn total ki enplike yo se 2,531 ekta. Seksyon nan Jizman MacIntyre East lan li bò kote Zòn High Peaks Wilderness lan. Yo te klasifye yon seksyon nan rejyon nò a kòm Rejyon Sovaj (1,800 ekta) epi yo te ajoute li nan Zòn High Peaks Wilderness lan. Yon dwa pasaj elaji sou yon pòsyon nan jizman an epi li te klasifye kòm yon Zòn Primitif (3 ekta). Yo te klasifye bò Sid nan LeClaire Brook lan kòm Forè Sovaj (728 ekta) epi yo te ajoute li nan Zòn Forè Sovaj Montay Vanderwhacker an.

Jizman Benson Road lan li sitiye nan Komin Benson ak Mayfield, Konte Hamilton ak Fulton yo. Zòn total ki enplike yo se 1,577 ekta. Jizman Benson Road lan (ke yo rele Tomantown) li antoure nan bò nò ak sid yo pa tèren ki klasifye kòm Forè Sovaj. Yo te klasifye tout santye a kòm Forè Sovaj epi yo te ajoute li nan Zòn Forè Sovaj Montay Shaker an.

Jizman Montay Topknot lan li sitiye nan Komin Dannemora, Konte Clinton. Zòn total ki enplike yo se 118 ekta. Jizman an bò kote Tèren Forest Preserve aktyèl lan ki nan Forè Sovaj Chazy Highlands lan. Li te klasifye kòm Forè Sovaj (118 ekta).

Jizman Peninsula Trails lan li sitiye nan Komin North Elba, Konte Essex. Zòn total ki enplike yo se anviwon 18 ekta. Jizman an bò kote tèren Forest Preserve aktyèl lan ki nan Forè Sovaj Saranac Lakes lan, epi li te klasifye kòm Forè Sovaj epi li te ajoute nan Zòn Forè Sovaj Saranac Lakes yo.

Kat ki detaye yo ak Deklarasyon sou Enpak Anviwònmanal Final ki ap dekri aksyon ki apwouve yo disponib sou sit entènèt Adirondack Park Agency an nan www.apa.ny.gov.

Amandman pou Abòde Jesyon Tèren Ki Klasifye yo

DEC ap amande Plan Jesyon Inite yo (Unit Management Plan, UMP) pou Batiman High Peaks Wilderness ak Forè Sovaj Montay Vanderwhacker yo pou abòde plis pase 38,798 ekta tèren nan Forest Preserve ki klasifye yo epi ajoute nan de inite yo apre ke yo te finalize UMP respektif yo. Sa gen ladan tèren ki te klasifye resamman yo ki te fè pati Jizman Boreas Ponds, Jizman Casey Brook, Jizman MacIntyre East, Jizman MacIntyre West, tèren ki te posede anvan sa pa National Lead, ki se ansyen tèren Dix Mountain Wilderness, ak lòt jizman tèren. Amandman UMP an pral konsantre sou jesyon 34,071 ekta tèren ki lokalize nan komin Keene, Newcomb, ak North Hudson ki nan Konte Essex.

Yon reyinyon piblik konsènan jesyon tèren sa yo pral òganize nan dat **Madi 3 Avril a 6 p.m.**, nan jimnaz Newcomb Central School, ki sitiye nan 5535 State Route 28N, Newcomb. Yo ankouraje popilasyon an patisipe nan reyinyon sa oswa bay kòmantè alekri anvan yo fèmen biznis yo nan 20 Avril 2018. Ou kapab voye pa kourye imèl kòmantè ki ap endike ki inite y'ap refanrese pou tèren ak dlo ki fèk fin klasifye yo nan R5.UMP@dec.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)